# 2021-жылда Қарақалпақстанда әмелге асырылатуғын қурылыс жумыслары

Өзбекстан Республикасы Президентиниң  2020-жыл 28-декабрдеги ПҚ-4936-санлы қарарына муўапык, 2021-жылда Қаракалпакстан Республикасында бир қанша ири қурылыс жумыслары алып барылады.

Атап айтқанда, 22 мектепте, соннан 14 мектепте реконструкция ал, 8 мектепте капитал оңлаў жумыслары алып барылады.

Image not found or type unknown

Сондай-ақ, халық санының турақлы өсиўин есапқа алған ҳалда, жаңадан  еки мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси қурылады ҳәм  11 МШБМ реконструкциядан шығарылады.

2021-жылғы қурылыс жумысларынан денсаўлықты сақлаў тараўыда орын алған. Нөкис районы медициналық бирлеспеси жанынан 40 орынлы туўыў бөлими, қабыллаў диагностикасы, орайласқан стрилизация бөлими, клиникалық ҳәм биохимиялық лаборатория, фтизотерапия, реанимация ҳәм хирургия бөлимлери ушын жаңа қосымша имарат қурылады.

Соның менен бирге Республика бойынша алты денсаўлықты сақлаў объектлери толық реконструкциядан шығарылады ҳәм бир объектте капитал оңлаў жумыслары алып барылады.

Және бир әҳмийетли тәрепи жаңадан заманагөй және бир спорт объекти қурылады ҳәм еки спорт объекти реконструкциядан шығарылады.

ҚР Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети